# QARAQALPAQ XALIQ DASTANI "ALPAMIS"TIN VARİANTLARI HAQQINDA

Sarıgül BAHADIROVA

Bıyıl O'zbekstan hu'kimeti o'zbek xalıq da'stanı "Alpamıshtın' 1000 jıllıg'ın 1999-jılı belgilewge qarar shıg'ardı. Qararda "Alpomish" da'stanının' qaraqlpaq xalqına da tiyisli ekenligin esapqa alıp, qaraqalpaqsha variantlarının' ishinde en' jaqsısın baspadan shıg'asrıw, "Alpamıs" da'stanı haqqında ilmiy izertlew jumısların ken' tu'rde alıp barıw, xalqımız arasında ken' tu'rde propagandalaw isi ko'rsetilgen.

"ALpamıs" tu'rkiy tilles xalıqlardın' ko'pshiliginde derlik bar, en' ken' taralg'an da'stanlardın' biri. Onın' ha'mme xalıqlarda da bar, variantlarının' o'zi ju'zden aslam, taralıwı jag'ınan onın' menen hesh bir d'astan jarısa almaydı. Da'stannın' taralıwı Altaydan baslap Oraylıq Aziya, Volga boyları, Qazaqstan, Awg'an, İran, Tu'rkiya, Qıtayg'a shekem baradı. Ol tu'rki tilinde g'ana emes, parsı tilinde de o'z variantlarına iye. "Alpamıs" da'stanı xalıq arasında ku'ta' su'yip tın'lanatug'ın, jırawlar ta'repinen ken' tu'rde atqarılatug'ın da'stanlardan esaplang'an.

Qaraqalpaq xalqı "Alpamıs" da'stanının' o'z milliy versiyasına iye. Qaraqalpaq jırawlarının' repertuarında turaqlı tu'rde saqlan'g'an, jırawlardın' o'zinin' sheberlik talantın sınap ko'retug'ın da'stanlarının' biri bolg'an, yag'nıy "ALpamıs"tı atqarmag'an jıraw bolmag'an. Bizge belgili bul da'standı barlıq jırawlar derlik jırlawına qaramastan 8 variantı g'ana jazıp alıng'an. Jiyemurat jıraw, O'ziz jıraw, Karam jıraw, Arzımbet jıraw. Sonın' ishinde O'ziz jıraw variantı to'rt ret (1937, 1941, 1981, 1996), Qıyas jıraw variantı bir ret (1957), Esemurat jıraw variantı bir ret (1960) basılıp shıqtı. "Alpamıs" da'stanının' en' eski nusqası 1896-jılı A.Divaev ta'repinen jazıp alıng'an qaraqalpaq jırawı Jiyemurat Bekmuxammed ulı variantı. Bul variantı A.Divaev rus tilindegi awdarması menen 1901-jılı "Qırg'ız poeması" degen at penen bastırıp shıg'aradı.[1] 1922-jılı Tashkentte "Batırlar" degen kitapqa kirgizilip basıladı. Usı variantın S.Seyfullin 1931-jılı Qızıl-Orda qalasında 1899-jılı Kazan qalasında basılıp shıqqan "Qıssa-i Alfamısh" (Ju'sipbek Sheyxuslam bastırg'an) variantı menen biriktirip, "Qazaqtın eski a'debiet nusqaları" degen at penen bastırıp shıg'aradı. Bul variant 1939-jılı S.Muqanovtın' redaktorlıg'ında "Batırlar" degen kitapta qaytadan shıg'arıladı. Bunnan basqa bir neshe xrestomatiyalarda, kitaplarda usı nusqası basıladı. Bizge belgili A.Divaev "ALpamıs"tı qaraqalpaq jırawı Jiyemurat Bekmuxammed ulınan jazıp alıng'an variantın ja'riylay otırıp, onı negedur "qazaq eposı" dep ataydı. 01 1901-jılı basılg'an basılmasında da biraz so'zlerin qazaqshag'a jaqınlastırıp qayta isleydi. "ALpamıs batır" shın qazaq xalqının' o'len'-jırı bolsa da, bularg'a qon'osı otırg'an qaraqalpaq aqını ta'repinen jazılg'anlıqtan ishinde, arab, parsı so'zleri ko'p ushırar edi. Bunı awdarg'an waqıtta qolımızdan kelgenshe so'zdin' ma'nisine joqın keliwine tırıstıq",-deydi A.Divaev. Ol da'standı A'miwdarya bo'liminin' belgili qaraqalpaq baqsısı Jiyemurattan

jazıp alındı dep edi. Jiyemurat jıraw qaraqalpaq jırawlarının' ishinde en' ataqlı jırawlardın' biri bolg'an. Sonlıqtan ol qaraqalpaq xalqının' arasında en' su'pip tın'lanatug'ın da'stanlardın' ba'rin jırlag'an. Bul da'stannın' Jiyemurat jırawdan wazıp alıng'an variantı bu'gingi ku'nge shekem jazıp alıng'an segiz variantı menen syujetlik qurılısı, ko'rkemlilik o'zgesheligi, obrazları jag'ınan joqın turadı. Bul Jiyemurat jıraw jırlag'an variantının' qaraqalpaqsha vermiyalarının' tiykarg'ılarının'o biri ekenligin ko'rsetedi. A.Divaevtın' pikirine keletug'ın bolsaq ol jasag'an da'wirde "Alpamıs"tın' basqa variantları (Qıssa-i-Alfamısh"tan basqa) belgisiz edi, ol sol da'wir shınlıg'ınan shıg'ıp o'z pikirin aytıp ketti. A.Divaevtın' bul pikirlerinin' tiykarsız ekenligin belgili qaraqalpaq folkloristi İ.Sag'ıytov waqtında durıs kritikaladı.

Jiyemurat jırawdan A.Divaev o'zi jazıp alg'an ba, ol tekst qayaqta degen soraw tuwadı.

Tekst arabsha, qol jazbası O'z İAKK bo'liminin qol jazba fondında saqlawlı. A.Divaev sol qol jazbanın' qısqa mazmunın arab imlasında beredi, son'ınan onın' russha awdarmasın beredi. Abubakir Divaev 1856-jılı Orınbor qalasında tuwılg'an, 1876-jılı Orınbordag'ı Nepyuev kadet korpusının' Aziya bo'limin pitkerip, Tu'rkstan bo'limine jollama aladı. Sonnan baslap o'mirinin' aqırına shekem A?Divaev Oraylıq Aziyadag'ı tu'rki tilles xalıqlardın' xalıq miyrasın jıynawg'a, bastırıp shıg'arıwg'a belsene qatnasadı. "Alpamıs" haqqında tyurkologiye iliminde birinshi ret pikir aytoan A?Divaev boldı. 01 1896-jılı "Zapiski Vostoshnogo otdeleniya Russkogo arxelogisheskogo obshestva" jurnalının' betinde (t.1) bul da'stan haqqında qısqasha mag'lıwnat beredi. Jiyemurat jırawdın' qol jazbası "ALpamıs batır hikayası" degen at penen Sırda'rya oblastının' A'miwda'rya bo'liminin' baslıg'ı M.D.Razgonov ta'repinen og'an jiberiledi. M.D.Razgonov bul dastandı qalay jazdırtıp aldı, jırawdın' o'z awzınan ba, yaki jırawdın' qol jazbasıma ol bizge belgisiz. Biraq, berilgen mag'luwmatta qol jazba arab ha'ribi menen jazıl'g'an, ja'ne qaysı jırawdın' variantı ekenligi haqqında tolıq mag'lıwmat berilgen. Bunda Jiyemurat jıraw To'rtku'l bolıslıg'ında jasawshı qaraqalpaq baxshisi dep beriledi. Bizge baqqa variantlar menen biriktirilmegen M.D.Razgonovtın' qol jazbası a'hmiyetli. Bu'gingi ku'nge shekem sol qol jazbanın' ta'g'diyri belgisiz. A.Divaev usı qol jazbanı 1897-jılı baspag'a tayarlap, ol 1901-jılı "Sbornik materialov dlya statis tiki Sırdarinskoy oblasti" toplamında shıg'aradı. Biraq bul baspasında ol biraz o'zgerisler menen shıg'arıp atırg'anlıg'ın aytadı. Bul qol jazba qaraqalpaq jırawlarınan jazıp alıng'an "Alpamıs" da'stanının' en' birinshi qol jazbası, sonın' menen birge tu'rki tilles xalıqlardın' öshinde xab ju'zıne tu'sken ha'm ilimge birinshi ret belgili bolg'anı usı Jiyemurat jıraw qol jazbası. Ha'zirgi ku'nde biz usı nusqanı tawıp, oqıwshılar jurtshılıg'ına tanıstırıwımız, xalqımızdın' miyrasına qosıwımız aldımızda tur'gan a'diwli wazıypalardın' biri dep oylayman. So'ytip oqıwshı jurtshılıg'ı Jiyemurat jıraw ha'm J.Sheyhuslam nusqasın birinin'-biri jalg'ası retinde tanıp keldi. Al, bunnan son' qazaq folkloristleri Mayket Sandıbaev, Sultanbek Aqxojaev, J. Jaqıpov, E.Bektursınov ha'm t.b. ta'repinen 8 variantı jazıp alınadı. Qazaq folkloristlerinin' pikiri boyınsha "Alpamıs" tın' en' tolıg'ı M.SAndıbaev, S.Aqxojaev variantı. Endi "Alpamıs" da'stanın qazaqshag'a jaqınlastırıp A.Divaevtın' gayta islep

shıg'arg'an variantı da'stannın' qazaq xalqı arasında ken' tu'rde taralıwına alıp keldi. Bul so'zimizdin' di'lili retinde A'.Qon'oratbaev , ta'repinen 1946-jılı Tashkent wa'layatının' Qawınshı degen jerinde turawshı belgisiz bir adamnın' qol jazbasınan jazıp alg'an nusqası tiykarınan usı Jiyemurat jıraw variantının' bir nusqası dep esaplasa boladı.

Qazaqstan ilimler Akademiyasının' Oraylıq kitapxana fondı, inv.

351. Syujetinde geroylardın' alınıwına hesh qanday o'zgeris joq. Bunnan biz Jiyemurat jıraw variantının tuwısqan qazaq xalqının' ma'deniy mu'lkine aynala otırıp, ol eki xalıqtın' ma'deniyatın bir biri menen jaqınlasıwına, bir-birin bayıtıwına u'lken u'les qosqanlıg'ın ko'remiz.

Endi Jiyemurat jıraw jırlag'an "Alpamıs"tın' qaraqalpaqsha variantın qaraqalpaq ilimpazları N.Da'wqaraev, Q.Ayımbetovlar tu'rkiy tilles q xalıqları variantlarının' ishinde en' eskisi, taza saqlang'an tu'ri retinde joqarı baha beredi.

Jiyemurat jıraw variantında waqıya Alpamıs penen Gulparshınnı'n' tuwılıwı, Gulparshınnın' ata-anasının' Tayshaxannın' eline keliwi, Alpamıstın' to'p qıyınshılıqtı jen'ip Gulparshındı alıp keliwi menen waqıya tamamlanadı. Q.Ayımbetov da'standag'ı Alpamıstın' ekinshi ret Tayshaxannın' eline keliwi ha'm bunnan son'g'ı syujetti jırawlar o'zleri toqıg'an, al Alpamıstın' tiykarg'y syujeti Ziyemurat jıraw jırlag'an variantı deydi. Bul pikir menen tolıq kelisimge keliw qıyın. Sebebi qaraqalpaqsha segiz variantında da, o'zbekshe, qazaqsha versiyalapında da, sonday-aq altay, tatar, qıpshaq variantlarında da ALpamıstın' Tayshaxannın' eline ekinshi ret keliwi bar.

Sovet hu'kmeti jılları ishinde onın' baspadan shıqqan u'sh variantında da biraz o'zgerisler boldı. Jiyemurat jıraw variantı ele qaraqalpaqsha shıqqan jop. Al, Sovet hu'kmeti jılları ishinde baspadan shıqqan o'giz jıraw, Qıyas jıraw, Esemurat jıraw variantları o'z orginalınan o'zgertilip, bıraz redaktorlenip shıqtı.

Da'standı qaraqalpaqsha variantlarının' ishinde syujeti jag'ınan en' tolıg'ı, tu'rkiy tilles xallıqlarda bar variantlarının' ishinde de en' kelisimli Esemurat jıraw variantı. Mısalı: o'zbekshe Fazıl Yuldash variantı 14000, qazaqsha Mayket Sultangqul variantı 4000 qatarg'a jaqın, qaraqalpaqsha Qıyas jıraw variantı 16600 qatar, Esemurat jıraw variantı 19000 qatar'g'a jaqın qosıqtan ibarat.

O'giz jıraw variantının' 1937 jılı Moskvada shıqqan nusqası latın imlasında basıldı. Avtordın' o'zi 1941-jılı shıqqan nusqası 1937- jılg'a nusqasın tolıqtırıp shıg'ardım deydi.

Bunnan son'g'ı basılımlarında 1941-jılg'ı nusqası tiykarında alınd Degen menen 1937-jılg'ı ha'm 1941-jılg'a ha'm 1981-1996 jılg'a nusqaların salıstırg'anda biraz o'zgerisler son'g' nusqalarına kirgizilgen ko'riwge boladı.

Qıyas jıraw variantın A'.Karimov ta'repinen jazıp alınıp 1957-jıbaspadan shıg'arıldı. Bul variantında orginal menen salıstırg'anda "redaktorlaw", qasqarıw sıyaqlı o'zgerislerge ıshıradı. Bul variantının' bir a'hmiyetli jeri onın' tolıq teksti naması menen Tashkentte jazıp alıng'an. Al qalg'an variantlarının' teksti naması menen tolıq sazıp alınbadı.

Ko'lemi jag'ınan tu'rkiy tilles xalıqlarda bar "Alpamıs" da'stanının' variantlarının' ishinde Esemurat jıraw variantı en' ko'lemlisi. Bul variantın Rambergen Xojambergenov 1957-jılı Esemurat jırawdan jazıp aladı. Bunı 1960-jılı

Q.Maqsetov penen Q.Mambetnazarovtın' tayarlawında baspadan shıg'adı. Orginal variantı O'z İAQQ bo'liminin' qol jazba fondında saqlawı Esemurat jırawdın' variantı magnit plenkasına tolıq tu'rde jazıp alınbag'an, biraq ayırım bolimleri N.Da'wqaraev atındag'ı Til ha'm a'debiyat institutının' qaraqalpaq folkları boliminin' muzıkanı jızow labaratoriyasının' fondında saqlawlı. Esemurat jıraw variantı O'giz jıraw ha'm Qıyas jıraw variantlarına salıstırg'anda da ku'ta' ko'p: "redaktorlenim" menen basılg'ın. Bir neshe qatar qosıq qatarları epizodları qısqartılg'an.

Al, Qalg'an Ta'n'irbergen jıraw, Karam jıraw, Arzı jıraw variantları ele janq kormedi. Bıyılg'ı "Alpamıs" da'stanının' 1000 jılıq yubileyin belgilew aldında biz bul da'stannın' ha'mmemizge belgili ha'zirgi ku'nde biz xalqımızdın' en' su'yikli da'stanı esaplang'an "Alpamıs" tın' 1000 yubeleyi qarsanında qaraqalpaqsha variantlarının' tolıq nusqasın xalqımızg'a jetkiziwdin' za'ru'rligin aytqımız keledi.

**NOT**

1 (Sbornik materialov ılya statistiki Sırdarinskoy oblasti". t IX. Tushkent, 1901).


## BİZE GELEN DERGİLER

**AKADEMİK ARAŞTIRMALAR**- Çaykara Cad. Nu: 20/ERZURUM • **ARIŞ**- Atatürk Kültür Merkezi, Gazi Mustafa Kemal Bulvarı Nu: 133 Maltepe/ANKARA • **ATACURT**- Kardelen mah. 353. Sokak Nu: 53 Batıkent /ANKARA • **AY IŞIĞI** - P.K. 88 ISPARTA • **AZERBAYCAN** - P.K. 165 Ulus/ANKARA • **BENGÜ**- Sezenler Sokak Nu: 4/12 Sıhiyye/ANKARA • **BİLGE**- AKM Başkanlığı GMK Bulvarı Maltepe/ANKARA • **BİLİG**- Taşkent Cad. 10. Sokak Nu: 30 Bahçelievler/ANKARA • **BİTİĞ**- Postbus 9642 2003 LP Haarlem/The NETHERLANDS • **BALKAN ÖĞRENCİ MEKTUBU**- Mithatpaşa Cad. 44/18 Kızılay/ANKARA • **CEM** - Zafer Mah. Ahmet Yesevi Cad. Nu: 290 Yenibosna/İSTANBUL • **DOĞU TÜRKİSTAN** - 58. Bulvar Cad. Nu: 130/1 34760 Zeytinburnu/İSTANBUL • **DOĞU TÜRKİSTAN'IN SESİ**- Millet Cad. Küçüksaray Apt. 26/3 Aksaray/İSTANBUL • **DOST DOST** - Hatay Sokak 9/19 Kızılay/ANKARA • **EDESSA** - Halk Eğitim Yanı 2. Sokak Nu: 2/D Bahçelievler/ŞANLIURFA • **ERCİYES**- P.K. 218 KAYSERİ • **ERGUVAN**- Fatih mah. Bayraktar Sok. Nu: 17 SAMSUN • **FOLKLOR ARAŞTIRMALARI KURUMU BÜLTENİ**- Yeşilırmak Sok. 10/16 Sıhhiye/ANKARA • **FOLKLOR DERNEĞİNİN SESİ**- Hal İçi Nu: 37 Kağızman/KARS • **FOLKLOR/EDEBİYAT**- Hatay Sokak Kızılay/ANKARA • **GENÇ ERENLER**- P.K. 515 Yenişehir/ANKARA • **GEREDE**- Strasburg Cad. Adalet Han Nu: 18/18 Sıhiyye/ANKARA • **HACETTEPE HABER**-Hacettepe Üniversitesi Rektörlüğü-ANKARA • **HALKBİLİMİ**-ODTÜ Türk Halkbilimi Topluluğu-ANKARA • **İLESAM HABER BÜLTENİ**- İzmir Cad. 33/16 Kızılay/ANKARA • **JAS TÜRKİSTAN** - Almatı ş. 480043 Orbisat - 1. 19/19 KAZAKİSTAN • **JOURNAL OF FOLKLORE RESEARCH** - Indiana University Folklore Institute - Bloomington - Indiana/ABD • **KARADENİZ TEKNİK**- Bayındır 2. Sokak 59/7 Kızılay/ANKARA • **KARDAŞ EDEBİYATLAR**- P.K. 51. Ege Üniversitesi Bornova/İZMİR • **KEBİKEÇ**- Karanfil Sokak Birlik İş Merkezi 5/2 Kızılay/ANKARA • **KIBRISLI**- 44 Mecidiye Sokak Lefkoşa/KKTC • **KIRIM**- P.K. 162 Yenişehir/ANKARA • **ÖNCÜ EDEBİYAT**- P.K. 352 KAYSERİ • **SESLER**-NİP "Neva Makedoniya" Birlik Redaksiyonu Mite Hacivasilev-Yasmin bb 91000 Üsküp/MAKEDONYA • **SİVAS ALTINCI ŞEHİR** - Libya Car. Nu: 19 Kolej/ANKARA • **SİZE**- Klodfarer Cad. Servet Han 41, Kat: 3/33 Çemberlitaş/İSTANBUL • **SON DUVAR**- Olgunlar Sokak Nu: 36/13 06640 Bakanlıklar/ANKARA • **SOYDAŞ**- Necatibey Cad. 25/13 Kızılay/ANKARA • ŞAFAK- Korai 20 60100 Komotini/GREECE • **TÜRK DİLİ**- Türk Dil Kurumu Atatürk Bulvarı 217 Kavaklıdere/ANKARA • **TÜRK DÜNYASI İNCELEMELERİ DERGİSİ**- E.Ü. Türk Dünyası Araştırmaları Enstitüsü Müdürlüğü Bornova/İZMİR • **TÜRK YURDU**- P.K. 429 Kızılay/ANKARA • **TÜRKEVİ**- Postbus 58070-1040 HB Amsterdam/HOLLANDA • **TÜRKÜN SESİ**- Postboks 34 Gronland 0135 Oslo/NORWAY • **UZBEK TİLİ VE EDEBİYATI** - Özbekistan Fenler Akademisi Alişir Nevayî Namındaki Edebiyat İnstitutı Tilşunaslık İnstitutı Taşkent/ÖZBEKİSTAN • **TÜRKLÜK BİLGİSİ** - Kıbrıs Cad. 32/5 06600 Kurtuluş/ANKARA • **TÜRKLÜK BİLİMİ ARAŞTIRMALARI**- Süheyla Seçkin, Sait Paşa Cad. Postluoğlu Apt. Daire:3 SİVAS • **YENİŞEHİR SANAT**- Yenişehir Belediyesi ERZURUM • **YESEVİ** - P.K. 30 34490 Beyazıt/İSTANBUL • **VARLIK**- Hıyabanî Filistinî Şimalî, 151 Dr. Cevat Heyet Tehran/İRAN